





BAB I BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda robahna ti mangsa ka mangsa, anu ngindung ka usum ngabapa ka jaman. Ku kituna, basa Sunda anu nyampak ayeuna téh mangrupa hasil tina kamekaran sapanjang masa. Eta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda anu kapangaruhan ku suasana, tempat, jeung waktu (Prawirasumantri, 1990:12).

Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda salaku pamaké basa Sunda. Ayana parobahan-parobahan anu lumangsung dina kahirupan masarakat Sunda, tangtuna baé bakal aya pangaruhna kana kamekaran basana. Eta hal téh saluyu jeung fungsi utama basa Sunda, nya éta alat komunikasi, alat keur ngayakeun kontak atawa hubungan anu digunakeun ku panyaturna.

Basa Sunda dipiara tur dimumulé ku nagara sabab dipaké tur dimumulé ku panyaturna. Eta hal téh saluyu jeung UUD 1945, bab XV, Penjelasan Pasal 36 negeskeun yén:

“Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura dsb), bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara oleh negara. Bahasa-bahasa itu pun merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup”

Nilik kana pentingna kalungguhan basa sunda salaku bagian tina basa daérah tétéla basa Sunda perlu dipiara, dibina jeung dimekarkeun. Basa Sunda mangrupa basa daérah kadua panggedena di Indonesia sanggeus basa Jawa, nu

digunakeun ku masarakat nu aya di daerah Propinsi Jawa Barat, di sabagian daérah di belah girang Propinsi Jawa Tengah, di DKI Jakarta jeung di puseur-puseur daérah transmigrasi (Rohaedi, 1978: 13). Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancen: (1) lambang kareueus daérah; (2) lambang idéntitas daerah; (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga; (4) basa panganteur di sakola dasar; (5) pangrojong basa nasional; (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional (Sudaryat, 1977: 24-25).

Dina hasil panalungtikan ngeunaan basa dialék di antarana: Géografi Dialék Sunda di Kabupatén Pandéglang (Mulyana Spk., 1985), Penelitian Kosa Kata Basa Sunda Dialék Bekasi (Sukandi Spk., 1985), Penelitian Kosa Kata Basa Sunda Dialék Banten (Husén Spk., 1985), Penelitian Loka Basa (géografi dialek) Bahasa Sunda di Daerah Perbatasan Jawa Barat dan Jawa Tengah Bagian Selatan (FKSS IKIP Bandung, 1977/1978, Géografi Dialék Sunda Kabupatén Bogor (Suriamiharja Spk.), Géografi Dialék Bahasa Sunda di Kabupatén Karawang (Yudibrata Spk., 1985), Basa Sunda Dialék Ciamis di Kacamatan Padaherang (Damaji Sobari, 2002).

.Pikeun ngabédakeun lambang kareueus atawa ciri has daérah séwang-séwangan, ieu panalungtikan anu judulna Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran Perlu Dilaksanakeun.

1.2. Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang masalah di luhur pikeun museurkeun ieu panalungtikan, baris diwatesanan waé ngan saukur ngagambarkeun basa Sunda dialék Sukabumi di kacamatan Waluran anu ngawengku dina bidang: (a) istilah pancakaki, (b) kecap gaganti jeung sesebutan, (c) kahirupan desa jeung masarakat, (d) bagian tina awak, (e) imah jeung babagianana, (f) pakakas, (g) kadaharan jeung inuman, (h) panyakit, (i) pagawéan, (j) pakéan, (k) kaulinan, (l) tutuwuhwan, (m) sasatoan, (n) kaayaan alam jeung musim, (o) budi parangi. Tinimbangan yén ngan saukur widang diluhur, sabab ieu kandaga téh sering dipaké dina kahirupan sapopoé di masarakat.

1.2.2. Rumusan Masalah

Pasualan anu baris dipedar dina ieu panalungtikan sawadina dirumuskeun dina kalimah-kalimah panalék. Ieu hal luyu jeung pamanggih Sudjana (1991: 23) anu ngébréhkeun yén: *masalah harus selalu dirumuskan dalam bentuk pertanyaan bukan pernyataan*. Dumasar kana éta hal, rumusan dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap:

1. Aya sabaraha jumlah kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran téh?
2. Kumaha wangun kecap dialek Sukabumi di kacamatan Waluran?
3. Kumaha péta wilayah sebaran dialék geografi basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan dia ieu panalungtikan teu aya lian pikeun ngadéskripsikeun masalah saperti ieu di handap:

1. Ngeunaan inventarisasi basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran.
2. Ngeunaan wanda kandaga kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran.
3. Ngeunaan péta wilayah sebaran dialék géografis Sukabumi di Kacamatan Waluran.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Mikanyaho kandaga kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran.
2. Ngeuyeuban khasna pangaweruh dialéktologi basa Sunda.

1.4. Anggapan Dasar

Numutkeun Surakhmad (1985: 30) anggapan dasar téh nya éta: *sebuah titik tolak pemikiran kebenarannya diterima oleh penyidik.*

Dumasar kana éta pamadegan diluhur, aya sababaraha anggapan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Basa Sunda dialék Sukabumi dipaké komunikasi masarakat nu aya di Kacamatan Waluran.

2. Bédana antara kecap basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran jeung kecap basa lulugu téh bisa dianalisis dumasar kana ilmu basa.
3. Basa Sunda dialék sukabumi di kacamatan Waluran bisa digambarkeun péta wilayah sebaran dialek geografisna.

1.5. Wangenan Oprasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu leupas tina udagan, ieu panalungtikan perlu ayana wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

a. Dialék Sukabumi

dialék Sukabumi nya éta ragam basa anu dipaké di masarakat Sukabumi hususna Kacamatan Waluran pikeun ngabédakeun dirina jeung masarakat anu lianna nu natangga tur béda ragam basana.

b. Basa Sunda

Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu dipaké kénéh ku masarakatna, boh di tatar Sunda atawa di luar tatar Sunda.

c. Kacamatan Waluran

Kacamatan Waluran mangrupa kacamatan anyar di Sukabumi, anu ngaréndéng ti belah kidul jeung Kacamatan Ciracap, ti belah kulon jeung Kacamatan Ciemas, ti belah kalér jeung Kacamatan Léngkong, tur ti belah wétan jeung Kacamatan Jampang Kulon.

Jadi anu dimaksud panalungtikan ngeunaan *Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran* téh mangrupa cara pikeun ngabina jeung ngamekarkeun

basa Sunda anu mibanda ciri-ciri husus tur mandiri sarta dipaké ku masarakat di Kacamatan Waluran pikeun ngabédakeun jeung wewengkon lianna.